



Pwosesis Reklamasyon Inondasyon an




1-877-MY-FL-CFO

(1-877-693-5236)

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

Pwosesis Reklamasyon Inondasyon an

Kèk bagay ou dwe sonje lè ou ap fè pwosesis reklamasyon an:

- Ou ap bezwen rete nan delè yo nan chak etap, donk travay ak ajan ajisteman ou lan ak konpayi asirans ou an pou ka rete enfòme epi ajou pandan tout pwosesis reklamasyon an.
 - Si ou gen yon ipotèk epi ou resevwa kòb sou reklamasyon inondasyon pou batiman/estrikti a, konpayi asirans ou a ap voye chèk la ba ou ak kreyanse la, donk asire ou non kreyansye a korèk sou plan an pou evite reta nan resevwa pèman an. Konpayi asirans ou an ap voye chèk la pou ou pa lapòs men ou ap gen pou fè kreyansye ou la siyen chèk la anvan ou depoze l. Kontakte kreyansye ou la pi rapid pou konfime pwosesis la.
 - Ou ka kalifye pou ou resevwa pèman davans pou kèk nan domaj inondasyon lakòz anvan ajan ajisteman an evalye pèt yo. Pale ak ajan ajisteman ou lan oswa konpayi asirans ou an pou detèmine opsyon ou yo.
 - Si gen yon Deklarasyon Prezidansyèl sou Katastwòf la pou evènman ki lakòz dega inondasyon nan pwopriyete ou la, nou ankouraje ou anrejistre nan FEMA, anplis reklamasyon pou inondasyon ou ap ranpli a. Plan asirans NFIP yo pa bay kòb pou depans anplis pou sibzistans oswa lojman tanporè; sepandan, asistans pou katastwòf FEMA ka disponib. Li enpòtan pou ou fè demann pou asistans la pi rapid posib.
- 

ETAP 1

Rapòte tout pèt bay ajan oswa konpayi asirans ou pi rapid posib. Konpayi asirans ou an ap voye yon ajan ajisteman epi ajan an ap ede ou pou prezante dokiman ak enfòmasyon ki gen rapò ak pèt ou fè a.

DELÈ: An jeneral ajan an ap kontakte ant 24 ak 48 èdtan. Ajan ajisteman ap kòdone avèk ou pou pwograme yon lè pou l enspekte dega inondasyon an lakòz. Si ou pa tande ajan ajisteman an apre yon semèn, rele konpayi asirans ou an.

ETAP 2

Ajan ajisteman an ap enspekte pwopriyete a (yon vizit pou evalye dega inondasyon an lakòz) epi li dwe mande ou si ou vle mande yon pèman davans nan men konpayi asirans ou an.

Nan kèk ka, konpayi asirans ou an ka chwazi angaje yon lòt ekspè tankou yon enjenyè pou evalye dega ou yo. Sa ka rive si oumenm ak ajan ajisteman pa antann nou sou kantite dega inondasyon an lakòz oswa sou fason pou repare l oswa si ajan ajisteman pa ka detèmine ekzakteman kisa ki lazòk dega a.

DELÈ: Se responsablite pa ou pou ou siyen epi mete dat sou dokiman Prèv Pèt la epi voye l bay konpayi asirans ou an nan yon delè 60 jou apati dat inondasyon an te lakòz pèt la, amwenske Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon FEMA a ta bay yon anilasyon pou evènman inondasyon an.

ETAP 3

Ajan ajisteman an ap voye yon estimasyon kou initè detaye dega yo chanm pa chanm, l ap revize estimasyon an avèk ou epi l ap ba ou dokiman Prèv Pèt la pou siyati. Si ou dakò ak

evalyasyon ajan ajisteman an, ou ap siyen epi mete dat sou dokiman Prèv Pèt la ki sètifye antant lan. Siyen dokiman Prèv Pèt la pa anpeche ou chache pèman adisyonèl si sa nesèsè, men l ap pèmèt konpayi asirans ou an peye atan. Ou toujou gen opòtinite pou travay ak konpayi asirans ou an pou jwenn domaj inondasyon adisyonèl oswa si ou gen yon demann pou pèman adisyonèl nan reklamasyon ou lan.

ETAP 4

Ajan ajisteman an bay konpayi asirans lan rapò ak rekòmandasyon l pou pèman ak konpayi asirans ou an. Si konpayi asirans lan dakò ak dokiman yo, konpayi asirans lan ta dwe peye kantite kòb ou ap mande a. Si gen nenpòt bagay nan estimasyon an plan ou an pa kouvri, konpayi asirans ou a ap bay ajan ajisteman an rekòmandasyon yo, sa ki ka mennen nan yon lòt kantite kòb anplis yo ka peye epi petèt yon nouvo dokiman Prèv Pèt. Konpayi asirans ou an ap fè yon pèman pou nenpòt kantite kòb yo pa konteste epi y ap voye yon lèt refi alekri ki esplike rezon ki fè yo refize reklamasyon ou lan oswa nenpòt pati nan reklamasyon ou lan.

DELÈ: Delè pou ajisteman an jeneral se 45 jiska 60 jou apati dat enspeksyon an; sepandan, delè sa a ka pi long selon gwosè ak sikonstans évènman inondasyon an.

ETAP 5

Si ou pa dakò avèk estimasyon ajan ajisteman an, ou dwe travay avèk li pou detèmine yon montan an dola nou dakò ki ka kouvri pèt ki fèt yo. Li ka itil pou ou pran konsèy antreprenè prensipal ou.

ETAP 6

Si ou pa rive jwenn yon antant avèk ajan ajisteman an, ou dwe kontakte yon espesyalis nan ekzamine reklamasyon ki nan konpayi asirans ou an pou diskite sou òf antant yo fè a oswa sou enkyetid sou kouvèti a.



ETAP 7

Si ou pa kapab jwenn yon antant avèk moun k ap ekzamine reklamasyon ou lan, nan 60 jou apre domaj la, ou dwe bay, dokiman Prèv Pèt la, ki se kote ou deklare montan ou ap reklame anba plan ou lan. Ou dwe bay tou dokiman pou montan total lajan ou ap reklame a (montan yo pa konteste a plis nenpòt montan anplis). Voye dokiman prèv pèt la ou fè anba sèman an dirèk bay moun ki ap egzamine reklamasyon an.

DELÈ: Ou dwe soumèt dokiman Prèv Pèt la nan yon delè 60 jou apati dat pèt inondasyon an, amwenske Program Nasyonal Asirans Inondasyon an (FEMA) ta bay yon anilasyon pou inondasyon sa a.

ETAP 8

Si konpayi asirans ou an dakò avèk dokiman ou yo, y ap peye kantite kòb ou mande a; oswa yo ka bay konpayi ajisteman an kèk rekòmandasyon, sa ki ka mennen nan yon montan anplis yo ka peye ak petèt yon nouvo Dokiman Prèv Pèt yo. Si konpayi asirans lan pa dakò, y ap voye pèman pou nenpòt montan yo pa konteste a epi y ap voye yon lèt ki esplike an detay rezon ki fè yo refize peye rès lajan ki nan reklamasyon ou lan.

ETAP 9

Si ou dakò yo refize yon pati nan reklamasyon ou lan oswa ou pa konteste desizyon an, y ap fèmen reklamasyon an. Ou dwe kontakte konpayi asirans ou an si ou jwenn lòt dega inondasyon an fè oswa si ou gen yon demann pou yon pèman adisyonèl anba reklamasyon ou lan.



ETAP 10

Si ou chwazi pou konteste kèk nan sa yo refize nan lèt refi a oswa tout, ou gen twa opsyon:

- Ou ka bay moun k ap ekzamine reklamasyon an yon Prèv Pèt ou modifiye ak dokiman sipò yo;
- Ou ka soumèt yon Apèl fòmèl bay FEMA; oswa
- Ou ka rele konpayi asirans ou an lajistis
- Ou ta dwe ranpli yon pouswit jidisyè nan Tribinal Distri Etazini ki travay pou zòn kote pwopriyete a ye a nan moman pèt la nan delè yon ane apati premye lèt refi ekri konpayi asirans ou an.
- Sepandan, kou ou fin lanse pouswit la, ou pa ka fè apèl ankò sou reklamasyon ou lan nan FEMA oswa voye yon Prèv Pèt modifiye bay konpayi asirans ou an.

Aprann plis sou opsyon ou yo sou entènèt, nan www.fema.gov/flood-claim-appeals-and-guidance.

DELÈ: Ou dwe soumèt bay FEMA yon Apèl alekri nan yon delè 60 jou apati lè ou resevwa lèt refi konpayi asirans ou a, ansanm ak yon kopi lèt refi a ak dokiman ou genyen pou jistifye Apèl ou a.



Enfòmasyon sa yo ka itil ou pandan ou ap reprann ou apre pèt inondasyon ou lan:

- Sant Èd NFIP la bay enfòmasyon jeneral sou kesyon asirans pou inondasyon, rele nan **800-427-4661**.
- **Mande Ekspè a (Ask the Expert)** bay repons ak kesyon moun yo poze souvan sou asirans pou inondasyon.
- **Biwo pou Pwomosyon Asirans Inondasyon** bay èd nan rezoud pwoblèm asirans si okenn nan lòt èd NFIP yo pa mache.
- **Kilès k ap Frape nan Pòt ou (Who's Knocking at Your Door)?** esplike differan kalite “vizitè” ofisyèl ki ka vin enspekte dega katastwòf la fè.
- **Gid NFIP a (NFIP Guidelines)** pou netwaye apre inondasyon.
- **Kisa pou Fè Apre yon Inondasyon (What to Do After a Flood)** - yon gid pou Mèt plan asirans NFIP yo.
- **Lis Sivivan Katastwòf yo (The Disaster Survivors Checklist)** ka ede ou konprann pwosesis reklamasyon pou inondasyon NFIP a.
- **Rezime Kouvèti** ka ede moun ki gen asirans NFIP yo konprann kisa li kouvri ak kisa li pa kouvri epi kijan yo evalye byen yo nan moman pèt.
- **Bagay pou Konnen sou Domaj Sibstansyèl (Things to Know about Substantial Damage)**, dekri pwosesis pou detèmine si yon estrikti te siboï gwo domaj.
- Aprann plis sou **Ogmantasyon Kou Konfòmite** ak sou kijan ou ka minimize risk sou pwopriyete inondasyon andomaje anpil oswa souvan.



1-877-MY-FL-CFO

(1-877-693-5236)

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

Revize mwa Septanm 2019